ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय

कामेश्वरनगर, दरभंगा

पी-एच.डी. (मैथिली) उपाधि हेतु प्रस्तुत

शोध-प्रबंधक प्रारूप

विषय : कथाकार अशोक आ शिवशंकर श्रीनिवासक कथाक तुलनात्मक अध्ययन

संकाय : मानविकी

शोध-निर्देशिका

01/04/24

(डॉ. अभिलाषा कुमारी)

सहायक प्राचार्य

विश्वविद्यालय मैथिली विभाग

ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालय,

कामेश्वरनगर, दरभंगा 846004

शोधार्थी

Manoj Kr pandit
01-04-24

(मनोज कुमार पंडित)

यू.जी.सी.नेट-जे.आर.एफ.

BR04000023

पैट क्रमांक- E2211005

ग्राम- दहसील,

पोस्ट- रतनपुर, थाना- सिंघवाड़ा,

जिला- दरभंगा (बिहार),

पिन कोड 847307

Scanned with OKEN Scanner

परियोजनाक विषय:-

"कथाकार अशोक आ शिवशंकर श्रीनिवासक कथाक तुलनात्मक अध्ययन"

प्रस्तावना

कथा अपन संक्षिप्त रूप, विस्तृत आयाम आ सटीक संवेदनात्मक अभिव्यक्ति कारणें मैथिली साहित्यक सर्वाधिक लोकप्रिय विधा बनि गेल अछि। मैथिली कथाक प्रस्थान बिन्दु बीसम शताब्दीक दोसर दशक अछि, आ छठम दशक मैथिली कथा साहित्यकें स्वर्ण काल मानल गेल अछि। किएक तँ एहि दशकमे सर्वाधिक सशक्त कथाकार लोकनिकें मैथिली साहित्यमे आर्विभाव भेलनि। एकर बादक सातम-आठम दशकमे सेहो मैथिली कथा साहित्यमे गुणात्मकताक संग कथाकार लोकनिक सक्रिय लेखन देखल जाइत अछि। परिणामतः मैथिली कथा साहित्य अपन समकालीन साहित्यक समक्ष बरोबरीमे ठाढ़ भेटैत अछि। तारानंद वियोगी, सुभाषचन्द्र यादव, महाप्रकाश, मंत्रेश्वर झा, विभूति आन्नद, नीता झा, रामभरोस कापड़ि 'भ्रमर', प्रदीप बिहारी, अशोक, शिवशंकर श्रीनिवास उषाकिरण खान, सुस्मिता पाठक आदि एहि दशकक स्थापित कथाकार छथि। कथाकार अशोक आ शिवशंकर श्रीनिवास तँ एकहि गाममे जन्म लेनिहार, एकहि समय

Self Attested
manoj kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

सालकें देखनिहार कथाकार छथि। दुनूमे कृष्ण सुदामा सदृश्य मित्रता सेहो छनि। मुदा दुनूक सृजनात्मक दृष्टिकोणमे असमानता देखल जाइत छनि। अशोक यथार्थवादी रचनाकार छथि। हिनक दृष्टिकोण प्रगतिवादी छनि। समाजक संघर्षशील मनुष्यक मानसिकताकें बड़ सुक्ष्मतासँ वर्णित करैत छथि। मैथिली सहित्यक समृद्धि लेल अशोक वर्तमानमे सेहो सक्रियताक संग लेखन कार्यमे लागल छथि। एखनधरि हिनक चारि गोट मौलिक कथा संग्रह, चारि गोट आलोचनात्मक पोथी, एकटा निबंध आ एकटा यात्रा वृतांतक पोथी प्रकाशित छनि।

मौलिक कथा संग्रहः-

1. त्रिकोण (सहयोगी प्रकाशन)
2. ओहि रातिक भोर
3. मातवर
4. डैडीगाम

आलोचनात्मक पोथीः-

1. मैथिली आलोचना
2. कथाक उपन्यास उपन्यासक कथा
3. बात-विचार
4. कथा-पाठ

Self Attested
manoj kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

निबंधात्मक पोथीः-

1. मैथिल आँखि

यात्रा वृतांतक पोथीः-

1. आँखिमे बसल

ओतहि शिवशंकर श्रीनिवास मैथिली कथा साहित्यमे फराक अस्तित्व राखैत छथि। श्रीनिवास गामक कथाकार छथि। मिथिलाक माटि-पानि, तेजीसँ बदलैत समयक संग बदलैत लोकक मानसिकता, जीवनक दशा हुनक संघर्ष हिनकर कथाक केन्द्रमे रहैत छनि। श्रीनिवास परिवर्तन के सहज स्वीकार्यकें पक्षधर कथाकार छथि। कथावस्तुक विविधताक संग सहज भाषा ओ चमत्कारिक शिल्प हिनक कथाक विशिष्टता छनि। एखनधरि हिनक पाँच गोट मौलिक कथा संग्रह, चारि गोट आलोचनात्मक पोथी प्रकाशित छनि आ तीन गोट पोथीक सम्पादन सेहो कयलनि अछि।

मौलिक कथा संग्रह-

1. त्रिकोण (सहयोगी प्रकाशन)
2. अदहन
3. गामक लोक
4. गुण कथा
5. माटि

Self Attested
Manoj Kr pandit
01-04-24

आलोचनात्मक पोथी-

1. बदलैत स्वर
2. मैथिली उपन्यासक आलोचना
3. विश्लेषण
4. सभ कथा संग्रह

सम्पादित पोथी-

1. मैथिली कथा सचंयन
2. कतेक दिन बाद
3. परिचय शतक

प्रेरणा/चयनः-

शोध विषयक चयन हेतु गहन अध्ययन आवश्यक होइत अछि जाहिसँ विषयसँ सबंधित प्रत्येक बिन्दु पर विमर्श कयल जा सकय। पी. एच. डी. कोर्स वर्कक दौरान अनेको मैथिली कथाकारक कथा सहित्यकें पढ़बाक अवसर भेटल। एहि क्रममे कथाकार अशोक ओ शिवशंकर श्रीनिवासक कथा हमरा विशेष रूचिगर लागल तें हिनक कथा पर शोध कार्य करबाक मनमे जिज्ञासा भेल। तें हम अपन शोध निर्देशिका डॉ. अभिलाषा कुमारीसँ विर्मशक उपरान्त ''कथाकार अशोक

Self Attested
manoj kr pandit
01-04-24

आ शिवशंकर श्रीनिवासक कथाक तुलनात्मक अध्ययन'' विषयकें शोध कार्य हेतु चयनित कएलहुँ।

पूर्व अध्ययनः-

शोध गंगा/शोध गंगोत्री आ विश्वविद्यालय मैथिली विभागक शोध सारणीक अवलोकनोपरान्त पाओल जे एखनधरि एहि विषय पर शोध कार्य नाहि भेल अछि। तें दू टा स्थापित कथाकारक कथा साहित्य पर तुलनात्मक अध्ययन करब अभिप्रेत अछि।

उद्देष्य/महत्वः-

1. दुनू समकालीन कथाकारक कथा वैशिष्ट्यक तुलनात्मक अध्ययन करब।
2. एहि शोध कार्यमे मैथिली साहित्यक प्रसिद्ध दुनू कथाकारक दृष्टिकोणक तुलनात्मक अध्ययन करब।
3. दुनू स्थापित कथाकारक कथामे चित्रित मानवीय मुल्य, संवेदना ओ जीवन सघर्षक तुलनात्मक अध्ययन करब।
4. एहि शोधकार्यकें शोधार्थी/शिक्षक/छात्र-छात्रा ओ साहित्य प्रेमी लेल उद्देष्य परक बनाएब।

Self Attested
Manoj kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

शोधक स्रोत

कथाकार अशोक आ शिवशंकर श्रीनिवास कथा संग्रह, विभिन्न पत्र-पत्रिकामे प्रकाशित हुनक कथा, कथाक समीक्षा शोधक स्रोत होयत।

शोधक प्रविधिः-

एहि शोध कार्यक तुलनात्मक, विश्लेषणात्मक, वर्णनात्मक, आलोचनात्मक आ साक्षत्कार प्रविधिक प्रयोग कयल जायत।

शोध साम्रगीक उपलब्धताः-

साम्रगीक उपलब्धता लेल ललित नारायण मिथिला विश्वविद्यालयक केन्द्रिय पुस्तकायल, विश्वविद्यालय मैथिली विभागक पुस्तकालय, कामेश्वर सिंह दरभंगा संस्कृत विश्वविद्यालयक पुस्तकालय एवं अशोक ओ श्रीनिवासक निजी पुस्तकालय तथा सोशल मिडिया पर उपलब्ध साम्रगीसँ अपन एहि शोध कार्यकें पूर्ण करब।

शोधक आवश्यकताः-

हमरा अवलोकनोपरान्त मैथिली विषयमे अनेको कथाकार पर कएल गेल शोध कार्य तँ भेटैत अछि, मुदा तुलनात्मकताक संग शोध कार्यक अभाव अछि। एहि शोध कार्यक माध्यमसँ दूटा कथाकारक

Self Attested
manoj kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

कथाक तुलनात्मक अध्ययनसँ मैथिली साहित्यमे एहि विषयक अभाव यथासम्भव दूर भऽ सकत।

परिकल्पनाः-

दुनू कथाकारक व्यक्तित्व, जीवन, जीवन दृष्टि, हुनक लेखन वैशिष्ट्य भाषा ओ पात्रक तुलनात्मक अध्ययनसँ मिथिलाक जीवन-दृष्टि, मान्यता तथा मैथिली कथा साहित्यक विशिष्टताकउद्भेदन होयत।

अध्यायक विभाजनः-

सम्पूर्ण शोधकार्य निम्नलिखित पाँच अध्यायमे विभक्त कय अपन शोधकार्य पुरा करब। एहि शोध कार्यमे विषय सामग्रीक उपलब्धता ओ अध्ययनक आधार पर परिवर्तन संभावित रहत।

1. **प्रथम अध्यायः-** अशोक आ श्रीनिवासक जीवन ओ साहित्य।
2. **दोसर अध्यायः-** अशोक आ श्रीनिवासक कथा साहित्यक परिवेश एवं समाज।
3. **तेसर अध्यायः-** अशोक आ श्रीनिवासक कथाक पात्र।
4. **चारिम अध्यायः-** अशोक आ श्रीनिवासक कथा साहित्यक भाषा एवं शिल्प।
5. **पाँचम अध्यायः-** अशोक आ श्रीनिवासक संग साक्षात्कार।

Self Attested
manoj Kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

शोध-कार्यक अध्यायक संक्षिप्त स्वरूपः-

- पहिल अध्यायमे अशोक आ शिवशंकर श्रीनिवासक जन्म, पारिवारिक पृष्ठभूमी, शिक्षा-दिक्षा, दुनू लेखकक व्यक्तित्व, जीवन, स्वास्थ्य, विचार लेखन प्रक्रिया, साहित्य विवरण आदि पर विस्तृत रूपसँ चर्चा करब।
- दोसर अध्यायमे दुनू रचनाकारक 'कथा-साहित्य'मे प्रस्तुत समाजिक जीवनकें व्यवस्थित कए, समाजक विभिन्न पक्ष'क अध्ययन कऽ ओहिमे समान-असमान प्रवृतिकें देखेबाक प्रयास करब।
- तेसर अध्यायमे दुनू रचनाकारक 'कथा-साहित्यमे पात्रक चरित्र-चित्रण करब।
- चारिम अध्यायमे दुनू लेखकक 'कथा-साहित्य' मे प्रस्तुत भाषा ओ शिल्प'क अध्ययन कऽ हुनक भाषिय एवं शिल्पीय विशेषताकें देखेबाक प्रयास करब।
- पाँचम अध्यायमे दुनू कथाकारक संग व्यक्तिगत रूपसँ भेंट करब। आ एहि शोध कार्यक उतकृष्ठताक लेल साक्षात्कार माध्यमसँ साहित्य ओ साहित्येतर जीवनानुभवकें देखेबाक प्रयास करब।

Self Attested
Manoj Kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

उपसंहारः-

परिशिष्टः-

अधीत ग्रन्थ सूचीः-

(क) आधार ग्रन्थ सूची

1. श्रीनिवास, शिवशंकर, अशोक, आनन्द, शैलेन्द्र, त्रिकोण, उर्वशी प्रकाशन, पटनाः 1986.
2. श्रीनिवास, शिवशंकर, अदहन, भाखा प्रकाशन, पटनाः 1991.
3. अशोक, ओहि रातिक भोर, भाखा प्रकाशन, पटनाः 1991
4. अशोक, मातबर, सुशील स्मृति, मधुबनीः 2001.
5. श्रीनिवास, शिवशंकर, गामक लोक, सुशील स्मृति, मधुबनी : 2005.
6. श्रीनिवास, शिवशंकर, गुणकथा, नवारम्भ, पटनाः 2014.
7. अशोक, डैडीगाम, नवारम्भ, पटना : 2017
8. श्रीनिवास, शिवशंकर, माटि, नवारम्भ, पटना : 2021.

(ख) सहायक ग्रन्थक सूचीः-

1. झा, डॉ० भीमनाथ, परिचायिका, भवानी प्रकाशन, पटना : 1985.
2. भारद्वाज, मोहन, मैथिली गद्यक विकास, साहित्य अकादेमी, नई दिल्ली : 1996.

Self Attested
manoj kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

3. मिश्र, श्रीजयकान्त, मैथिली साहित्यक इतिहास, साहित्य अकादेमी, नई दिल्लीः 1998.

4. अशोक, मैथिल आँखि, मैथिली अकादमी, पटना : 2007

5. झा, वासुकीनाथ, मैथिली कथाक विकास, साहित्य अकादमी, दिल्लीः 2009.

6. श्रीनिवास, शिवशंकर, बदलैत स्वर, नवारम्भ, पटनाः 2011.

7. झा, दिनेश कुमार, मैथिली-साहित्यक आलोचनात्मक इतिहास, मैथिली अकादमी, पटना, चतुर्थ संस्करण : 2012.

8. अशोक, कथाक उपन्यास उपन्यासक कथा, मैथिली अकादमी, पटना : 2012.

9. अशोक, आँखिमे बसल, इंडिका इन्फोमीडिया, नई दिल्ली : 2013.

10. अशोक, बात-विचार, मैलोरंग प्रकाशन, दिल्ली : 2015.

11. झा, डॉ० मुरलीधर, मैथिली साहित्य-विवेचन, मिथिला रिसर्च सोसाइटी, दरभंगा : 2017.

12. झा, देवकान्त, आधुनिक मैथिली साहित्यक इतिहास, साहित्य अकादेमी, नई दिल्ली : 2017.

13. झा, डॉ० रमण कुमार, सफलता सोपान, शेखर प्रकाशन, पटना : 2018.

14. झा, श्रीरमानाथ, प्रबंध संग्रह, शेखर प्रकाशन, पटना : 2019

Self Attested
Manoj Kr pandit
01-04-24

Scanned with OKEN Scanner

15. अशोक, मैथिली आलोचना, चेतना समिति, पटना : 2019

16. श्रीनिवास, शिवशंकर, मैथिली उपन्यासक आलोचना, शेखर प्रकाशन, पटनाः 2021

17. श्रीनिवास, शिवशंकर, विश्लेषण, सिद्धिरस्तु, दिल्लीः 2022.

18. अशोक, कथा-पाठ, सिद्धिरस्तु, दिल्ली : 2022.

19. स.- झा, उज्जवल कुमार, चयनित कथा, सिद्धिरस्तु, दिल्ली : 2022.

20. झा, श्रीश, डॉ० दुर्गानाथ, मैथिली, साहित्यक इतिहास, जेनरल बुक एजेन्सी, पटना, पाँचम संस्करण : 2023-24.

(ग) मैथिलीक विभिन्न पत्र-पत्रिकाक सूचीः-

1. मिथिला मिहिर
2. मिथिला दर्शन
3. घर-बाहर
4. पूर्वोतर मैथिल, आदि।

01/04/24

शोध-निर्देशिकाक हस्ताक्षर

डॉ० अभिलाषा कुमारी
सहायक प्राचार्य
विश्वविद्यालय मैथिली विभाग
ल० ना० मि० वि०, दरभंगा

Manoj Kr pandit
01-04-24

शोधार्थीक हस्ताक्षर

Scanned with OKEN Scanner